



Pwosesis Pou Fè Apèl

Sekirite Sosyal vle asire tout desizyon ki pran sou demann Sekirite Sosyal ou oswa sou demann Revni Sekirite Siplemantè ou (SSI) kòrèk. Nou konsidere avèk prekosyon tout enfòmasyon ki nan dosye ou anvan nou pran desizyon ki afekte elijiblite ou oswa kantite lajan benefis ou.

Lè nou pran yon desizyon sou demann ou, n ap voye yon lèt ba ou pou eksplike ou desizyon nou an. Si ou pa dakò avèk desizyon nou an, ou ka fè apèl—ki se yon fason pou mande nou pou gade dosye ou ankò.

Lè ou mande pou gen yon apèl, n ap gade tout desizyon an nèt, menm pati ki te anfavè ou yo. Si desizyon nou an pa t bon, n ap chanje li.

Kilè ak kòman mwen ka fè apèl?

Si ou deside fè apèl, ou dwe fè demann ou alekri nan 60 jou ki vin apre dat ou resevwa lèt nou. Nou sipoze ou resevwa lèt la senk (5) jou apre dat ki sou lèt la, sof si ou ka montre nou ou resevwa li pita. Rele biwo lokal Sekirite Sosyal ou si ou bezwen èd pou fè apèl.

Konbyen nivo apèl ki genyen?

Anjeneral, gen kat (4) nivo apèl. Men yo:

- Rekonsiderasyon;
- Yon jij lalwa administratif prezide odyans lan;
- Konsèy Apèl fè revizyon; epi
- Revizyon nan Tribunal Federal.

Lè nou voye yon lèt ba ou konsènan yon desizyon sou demann ou, n ap fè ou konnen fason pou ou fè apèl kont desizyon an.

Rekonsiderasyon

Yon rekonsiderasyon se yon revizyon okonplè yon moun fè sou demann ou an. Moun sa a pa t patisipe nan premye desizyon an. N ap egzamine tout prèv ki te soumèt lè nou te pran premye desizyon an, plis nenpòt nouvo prèv.

Pifò rekonsiderasyon konsène yon revizyon dosye ou yo san ou pa bezwen prezan. Men lè ou fè apèl kont yon desizyon ki fè konnen ke ou pa elijib ankò pou resevwa benefis maladi/enfimite paske eta sante ou amelyore, ou ka rankontre avèk yon reprezantan Sekirite Sosyal pou ou eksplike rezon pouki ou toujou kwè ou malad/enfim.

Odyans

Si ou pa dakò avèk desizyon rekonsiderasyon an, ou ka mande pou ou prezante devan tribunal pou gen yon odyans. Se yon jij lalwa administratif ki ap prezide odyans lan. Jij sa a pa t patisipe nan premye desizyon oswa nan rekonsiderasyon dosye ou.

Anjeneral, odyans lan òganize a 75 mil de kay ou. Jij lalwa administratif la ap fè ou konnen ki lè ak ki kote odyans lan ap fèt.

Ou menm ak reprezantan ou, si ou gen youn, ka vini an pèson nan odyans la pou eksplike dosye ou. Ou ka gade enfòmasyon ki nan dosye ou epi ou ka ban nou nouvo enfòmasyon.

Jij lalwa administratif la ap kesyone ou menm ak nenpòt temwen ou genyen, nan odyans lan. Lòt temwen, tankou espè medikal oswa espè pwofesyonèl, ka ban nou nouvo enfòmasyon tou nan odyans lan. Ou menm oswa reprezantan ou ka kesyone temwen yo tou.

Anjeneral, ou gen enterè patisipe nan odyans lan. Si ou pa ta vle fè sa, ou dwe fè nou konnen alekri pou endike nou ke ou pa vle patisipe.

Nan kèk ka, nou ka òganize odyans lan nan konferans sou vidéyo alaplas prezantasyon an pèsòn. N ap kite ou konnen davans si se sa ki ap fèt. Avèk odyans nan vidéyo, nou ka fè odyans lan pi pre kay ou pou ou. Souvan yon aparisyon nan odyans sou vidéyo a ka pwograme pi vit pase yon aparisyon an pèsòn. Epitou, yon odyans sou vidéyo ka pi pre lakay ou. Lè sa lap pi fasil pou ou pou ou jwenn temwen oswa lòt moun pou akonpaye ou.

Sof si jij lalwa administratif la kwè prezans ou nesesè pou deside sou dosye a, l ap pran yon desizyon ki baze sou tout enfòmasyon ki nan dosye ou, avèk tou nenpòt nouvo enfòmasyon ou bay.

Apre odyans lan, n ap voye ba ou yon lèt ak yon kopi desizyon jij lalwa administratif la.

Konsèy Apèl

Si ou pa dakò avèk desizyon odyans lan ou ka mande pou Konsèy Apèl Sekirite Sosyal fè revizyon. N ap kontan pou ede ou mande pou ou gen revizyon sa a.

Konsèy Apèl la ap egzamine tout demann revizyon yo, men li ka refize yon demann si li kwè desizyon odyans la te kòrèk. Si Konsèy Apèl la deside revize

dosye ou, se oubyen li pran yon desizyon sou dosye ou poukонт li, oubyen li retounen li bay yon jij lalwa administratif pou yon lòt revizyon.

Si Konsèy Apèl la refize demann ou pou ou gen yon revizyon, n ap voye yon lèt ba ou pou eksplike ou refi a. Si Konsèy Apèl la revize dosye ou epi li pran yon desizyon poukонт li, n ap voye yon kopi desizyon an ba ou. Si Konsèy Apèl la retounen dosye ou ba yon jij lalwa administratif, n ap voye yon lèt ak yon kopi desizyon an ba ou.

Tribinal Federal

Si ou pa dakò avèk desizyon Konsèy Apèl la oswa si Konsèy Apèl la deside pou li pa revize dosye ou, ou ka entante yon pwosè nan yon tribunal federal. Lèt n ap voye ba ou konsènan desizyon Konsèy Apèl la ap fè ou konnen tou fason pou mande yon tribunal pou gade dosye ou.

Èske benefis mwen yo ap kontinye?

Nan kèk ka, ou ka mande nou pou kontinye peye benefis ou pandan n ap pran yon desizyon sou apèl ou. Ou ka mande pou benefis yo kontinye lè:

- Ou fè apèl kont desizyon nou ki endike ou pa ka jwenn benefis maladi/enfimite Sekirite Sosyal ankò paske eta sante ou pa montre ke ou malad/enfim; oswa
- Ou fè apèl kont desizyon nou ki endike ou pa elijib ankò pou peman SSI oswa peman SSI ou ta dwe diminye oswa sispann.

Si ou vle benefis ou yo kontinye, ou dwe fè nou konnen sa nan dis jou ki vin apre dat ou resevwa lèt nou. Si apèl ou a rejete, ou ka gen pou remèt tout kantite lajan ou pa t elijib pou resevwa.

Èske yon moun ka ede mwen?

Wi. Anpil moun regle pwòp apèl Sekirite Sosyal yo avèk èd gratis Sekirite Sosyal. Men ou ka chwazi yon avoka, yon zanmi oswa yon lòt moun pou ede ou. Moun ou deziyen pou ede ou a rele "reprezantan" ou. N ap travay avèk reprezantan ou menm jan nou ta travay avèk ou.

Reprezantan ou ka aji pou ou nan pifò afè Sekirite Sosyal epi l ap resevwa yon kopi nenpòt desizyon nou pran konsènan demann ou.

Reprezantan ou pa ka fè ou peye ni mande ou frè san ou pa jwenn apwobasyon alekri Sekirite Sosyal dabò. Si ou vle plis enfòmasyon sou fason pou jwenn yon reprezantan, kontakte nou pou piblikasyon, *Dwa Ou Pou Ou Gen Reprezantan* (Piblikasyon Nimewo 05-10075-HC) oswa ou ka jwenn li nan wèbsayt nou.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.

